

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina Bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun média gambar peristiwa kagolong kana katégori can mampuh, rata-rata peunteunna 63,5 tina KKM 75. Siswa anu mampuh nulis warta dina *pretest* nya éta 5 urang siswa (13%), sarta 34 siswa anu kagolong can mampuh nulis warta (87%) tina jumlah siswa 39 urang. Ieu hal katitén tina aspék-aspék nulis warta anu diantarana dina aspék nyieun judul warta miboga rata-rata peunteun 10 (26%), dina aspék téras warta miboga rata-rata peunteun 12,64 (32%), dina aspék éjahan jeung kosakecap miboga rata-rata peunteun 13,44 (35%), dina aspék eusi warta (5W + 1H) miboga rata-rata peunteun 14,82 (38%), jeung dina aspék panutup warta miboga rata-rata peunteun 12,6 (32%) tina skor maksimal 20. Tina lima aspék éta anu kagolong hadé atawa mampuh nya éta aspék nyieun eusi (5W + 1H) nya éta 14,82 (38%), sedengkeun opat aspék lainna kaasup kana katégori kurang hadé atawa can mampuh.
- 2) Kamampuh nulis warta sabada ngagunakeun média gambar peristiwa sacara umum kagolong kana katégori mampuh, kusabab rata-rata peunteun siswa nya éta 78,9 tina KKM 75. Siswa anu mampuh nulis warta dina *posttest* nya éta 26 urang (67%), sedengkeun 13 urang siswa (33%) masih kagolong can mampuh nulis warta tina 39 siswa. Ieu hal katitén tina aspék-aspék nulis warta anu diantarana dina aspék nyieun judul warta miboga rata-rata peunteun 14,5 (37%), dina aspék téras warta miboga rata-rata peunteun 16,8 (43%), dina aspék éjahan jeung kosakecap miboga rata-rata peunteun 15,4 (39%), dina aspék eusi warta (5W + 1H) miboga rata-rata peunteun 16,8 (43%), jeung dina aspék panutup warta miboga rata-rata peunteun 15,6 (40%) tina skor maksimal 20. Tina lima aspék éta limaanana kaasup kana katégori hadé atawa mampuh.

- 3) Aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa, éta hal bisa katitén dina hasil *pretest* jeung *posttest* nya éta total nilai *pretestna* 2476 sedengkeun total nilai hasil *posttest* 3078. Rata-rata *posttest* ogé ngaronjat tina hasil *pretest*, nya éta 78,9 tina awalna 63,5. $\bar{X}_{\text{pretest}} (63,5) \neq \bar{X}_{\text{posttest}} (78,9)$, hartina kamampuh nulis warta siswa téh ngaronjat. Selisih rata-rata nilai *pretest* jeung *posttest* nya éta 15,4. Jeung tina hasil uji hipotésis hasil t_{itung} miboga nilai 14,60 sedengkeun nilai $t_{\text{tabé}}$ ngagunakeun taraf kapercayaan 99% jeung dk 38 , kapanggih yén $t_{\text{tabé}}$ miboga niléy 2,457. Tina éta data kapanggih yén $t_{\text{itung}} (14,60) > t_{\text{tabé}} (2,457)$, hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak, ieu nuduhkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa ka siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

5.2 Implikasi

Média gambar peristiwa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta. Dina prak-prakanna, ieu média pangajaran bisa ngirut jeung méré pangalaman anu leuwih konkrit pikeun siswa nalika rék nulis warta, ku kituna ieu média mangrupa salah sahiji média pangajaran anu éfektif dipaké dina pangajaran nulis warta. Ieu média kaasup kana alat bantu visual, nu bisa méré pangalaman nu konkret, motivasi diajar sarta ngaronjatkeun *daya serap* jeung *retensi* diajar siswa.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis warta ngagunakeun média gambar peristiwa, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamekaran dina prosés diajar-ngajar, nya éta ieu di handap.

- 1) Lantaran média gambar peristiwa bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta, ieu média bisa dijadikeun salah hiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis warta, média pangajaran;

- 2) Dina panalungtikan nulis warta ngagunakeun média gambar peristiwa aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nya éta: (1) kudu milih média gambar peristiwa anu kajadianna can lila sarta anu babari keur siswa; (2) média gambar peristiwa kudu bener-bener ngagambarkeun peristiwa anu lumangsungna; (3) ngarancang pangajaran kalayan bener; sarta (4) kudu nyiptakeun suasana kelas anu nyaman sangkan siswa bisa leuwih museurkeun paniténna.
- 3) Kusabab ieu panalungtikan ngagunakeun métode studi kuasi ékspérimén, dipiharep panalungtikanna bisa leuwih dijembarkeun deui kana métode nu leuwih jembar.